




Enfòmasyon sou Reyaksyon ak Sentòm Vaksen COVID-19 yo

Moun ka gen plizyè reyaksyon diferan parapò ak vaksen yo. Pifò reyaksyon yo lejè epi yo amelyore nan kèk èdtan oswa nan yon jou oswa de jou apre w fin pran vaksen w lan. Feyè sa a ba w yon apèsi sou reyaksyon ki posib yo.

Efè segondè ki komen yo			
Reyaksyon	Èske sa nòmal? Kisa m ta dwe fè?	Kilè m ta dwe enkyete m?	Pfizer/Moderna - Èske m ka pran vaksen sa a ankò?
Sentòm tankou lafyèv, frison, doulè nan misk, fatig, maltèt 	Sa nòmal. Sa ka kòmanse nan 24 èdtan apre w fin pran vaksen an. Li ka dire 2 oswa 3 jou. Ou ka pran asetaminofèn oswa ibipwofèn jan sa nesèsè pou ede w jere sentòm sa yo.	<p>Si w PA yon anplwaye Mass General Brigham: Si w gen youn nan sentòm ki anba la a, tanpri kontakte founisè w pou plis konsèy, paske w ka bezwen fè yon tès COVID-19:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Yon fyèv ki wo • Sentòm ki dire <u>plis</u> pase kèk jou • Sentòm ki ka prezante akòz COVID-19 (tankou yon nouvo malgòj, tous, konjesyon nazal, nen k ap koule, pa ka pran sant oswa gou oswa souf kout). • Yon nouvo kontak ak yon moun ki gen COVID-19 <p>Si w gen yon konsiltasyon, yon pwosedi oswa yon chiriji ki planifye pou byento, epi w gen sentòm tanpri fè ekip swen w lan konn sa.</p> <p>Anplwaye Mass General Brigham yo gade nan paj 3.</p>	Ou ka pran yon lòt dòz nan moman ki apwopriye a ak siveyans estanda 15 minit la.
Woujè, anfleman ak/oswa demanjezon nan pati kote w pran vaksen an 	Sa nòmal. Li ka laj anpil. Jeneralman, sa dire 2 oswa 3 jou men li ka dire jiska 7 jou. Li ka kòmanse tou sou 7 a 10 jou apre w fin pran vaksen w lan. Ou ka gen anflamasyon anba zesèl nan bra kote w te pran vaksen an. Sa ta dwe amelyore poukont li nan lespas 7 jou. Si w gen demanjezon, ou ka pran yon antiyistamin (pa egzanp, diphenhydramine). Si w gen doulè, ou ka pran asetaminofèn. Glas ka ede pou anflamasyon an.	Si woujè ak anflamasyon an rete nan menm pati kote w te pran vaksen an epi w pa gen okenn lòt sentòm reyaksyon alèjik (gade nan paj 2 a) lè sa a ou pa bezwen konsilte oswa pale ak pèsòn. Si w gen nenpòt sentòm alèjik tou, gade nan paj 2 pou jwenn konsèy. Si anflamasyon anba zesèl ou a dire plis pase 7 jou, ou dwe kontakte pwofesyonèl swen sante w la.	Toutotan w pa gen okenn reyaksyon alèjik, ou ka resevwa yon lòt dòz vaksen nan moman ki apwopriye a. Ou ta dwe pran kèlkeswa dòz adisyonèl yo mande w la avèk siveyans estanda 15 minit la.

Reyaksyon alèjik			
	Kisa sentòm yo ye?	Kilè m ta dwe enkyete m?	Pfizer/Moderna - Èske m ka pran vaksen sa a ankò?
Reyaksyon alèjik ki lejè	<ul style="list-style-type: none"> • Itikè, demanjezon, gratèl (sof kote w te pran vaksen an) <ul style="list-style-type: none"> ➤ Ou ka pran yon medikaman antiyistamin yo vann san preskripsyon, pa egzanzp, diphenhydramine oswa cetirizine jan yo rekòmande l sou etikèt ki sou anbalaj la. 	<p>Si sa rive nan espas 4 èdtan aprè w fin vaksinen, tanpri kontakte founisè w la</p> <p>*Anplwaye Mass General Brigham yo gade nan paj 3</p>	<p>Se yon doktè ki pou evalye w pou l detèmine si w ka pran yon lòt dòz nan moman ki apwopriye a. Ou ka petèt bezwen fè tès sou po.</p>
		<p>Si sa rive plis pase 4 èdtan aprè w fin vaksinen epi w devlope lòt sentom alèjik (gade anba la a), chèche jwenn swen ijan. Si w pa devlope lòt sentom men w enkyè, tanpri kontakte founisè w la</p> <p>*Anplwaye Mass General Brigham yo gade nan paj 3</p>	<p>Si w pa devlope okenn lòt reyaksyon alèjik, ou ka pran yon lòt dòz vaksen nan moman ki apwopriye a men yo ta dwe swiv ou pandan 30 minit.</p>
Reyaksyon alèjik ki grav (anafilaksi) 	<ul style="list-style-type: none"> • Po bouch, vizaj, zye, lang ki anfle • Noze/vomisman oswa doulè nan vant • Kontraksyon nan gòj oswa difikilte pou vale • Difikilte pou respire ki pèsiste oswa souf kout • Tous oswa sifleman • Tèt vire oswa toudisman 	<p>Pou majorite moun, sa rive jeneralman touswit apre yo fin pran vaksen an – nan lespas 15 minit. Y ap swiv ou nan klinik kote yo bay vaksen an pandan moman sa a.</p> <p>Si w gen sentom sa yo aprè w fin ale lakay ou, tanpri kontakte founisè w la</p> <p>*Anplwaye Mass General Brigham yo gade nan paj 3</p>	<p>Se yon doktè ki pou evalye w pou l detèmine si w ka pran yon lòt dòz nan moman ki apwopriye a. Ou ka petèt bezwen fè tès sou po.</p>

Si m te gen yon reyaksyon lokal oswa sentòm (lafyè, fatig, frison, doulè nan misk) apre yon dòz vaksen, èske m ta dwe pran medikaman avan m pran yon lòt dòz? Non, sof si doktè w la rekòmande sa. Yo pa rekòmande pou pran medikaman sa yo avan w pran dòz adisyonèl yo mande w la pou anpeche sentòm sa yo parèt ankò. Ou ka pran medikaman pou lafyè oswa pou soulaje doulè pou sentòm sa yo, si sa nesèsè. Nou pa konnen sa k ap rive reyaksyon iminitè w fas ak vaksen kont COVID-19 la si w pran medikaman sa yo apre w fin pran l.

Pou vaksen ki mande dòz adisyonèl yo, tanpri fè tout efò pou resevwa dòz adisyonèl vaksen yo rekòmande a nan jou ak nan lè nou pwograme pou ou a. Si w bezwen chanje dat randevou w la, ou ka chanje dat la sou Patient Gateway (pòtay anliy pou pasyan nou yo).

Pou anplwaye Mass General Brigham yo sèlman

Konsèy sou reyaksyon/sentòm apre vaksinasyon pou anplwaye yo		
<p>Pou tout enkyetid sou alèji apre vaksinasyon, Anplwaye MGB yo dwe rele Sèvis Santral pou Sante nan Travay (Occupational Health Central Services) nan 617 724-8100</p>		
<p>Sou 3 jou apre vaksinasyon an, pandan w konte jou vaksinasyon an kòm 1ye jou a</p>		
Reyaksyon	Sa pou w fè	Restriksyon sou travay
<p>Sentòm ki lejè jiska modere, ki enkli nenpòt nan sentòm swivan yo:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. sansasyon lafyèv men tanperati a pi ba pase 101F (38.3C) 2. maltèt lejè jiska modere 3. nouvo fatig ki lejè jiska modere (sansasyon fatig) 4. myalji ki lejè jiska modere (doulè nan misk) 5. atralji ki lejè jiska modere (doulè nan jwenti) <p>Sa yo komen anpil</p>	<p>Ou dwe fè tès pou COVID-19 si sentòm sa yo dire plis pase 24 èdtan an total. Opsyon pou fè tès yo gen ladan yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Pwograme yon tès atravè COVID PASS nan yon sant pou Tès Endividyèl pou Anplwaye MGB si sit ou a ofri l oswa nan sit MGB pou Fè Tès (tanpri chwazi tès ochwa kòm rezon pou fè tès la). • Si w pa rive pwograme tès la atravè COVID Pass, tanpri rele Liy Asistans Telefonik pou Sante nan Travay la nan 617-724-8100 pou pwograme tès la • Osinon, ou ka fè tès la (PCR/NAAT yo se sèl tès ki akseptab) nan nenpòt sit pou fè tès ki pa fè pati MGB ki nan lis sou mass.gov, ki aksesib la a, epi soumèt rezilta w yo bay PHSOHSOCVID19@partners.org 	<p>Pa gen restriksyon Ou ka kontinye travay sou plas oswa adistans pandan w ap ret tann rezilta tès COVID-19 ou yo.</p>
<p>Sentòm ki grav, ki enkli nenpòt nan sentòm swivan yo:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. lafyèv 101F (38.3C) oswa ki pi wo 2. maltèt ki grav 3. fatig ki grav (sansasyon fatig) 4. myalji ki grav (doulè nan misk) 5. atralji ki grav (doulè nan jwenti) <p>Nenpòt lòt sentòm nouvo oswa pwogresif ki konsistan avèk COVID-19: malgòj, nouvo tous, nouvo konjesyon nazal oswa nen k ap koule pou premye fwa, nouvo sansasyon kote ou pèdi kapasite pou pran odè oswa pou pran gou, souf kout</p> <p>Sa yo pa komen</p>	<p>W ap bezwen yo evalye w pou yon reyaksyon posib ak vaksen an oswa yon enfeksyon COVID-19. Ou dwe fè tès pou COVID</p> <ul style="list-style-type: none"> • Tanpri rele Mass General Brigham sou liy asistans telefonik pou Sante nan Travay la nan 617-724-8100 pou pran randevou pou tès ak swivi. • Osinon, ou ka fè tès la (PCR/NAAT yo se sèl tès ki akseptab) nan nenpòt sit pou fè tès ki pa fè pati MGB ki nan lis sou mass.gov, ki aksesib la a, epi soumèt rezilta w yo bay PHSOHSOCVID19@partners.org 	<p>Ou paka travay sou plas pandan evalyasyon sa a ap fèt.</p>
<p>Plis pase 3 jou apre vaksinasyon an, pandan w konte jou vaksinasyon an kòm 1ye jou a</p>		
<p>Nenpòt sentòm ki konsistan avèk COVID-19: lafyèv oswa sansasyon lafyèv, malgòj, nouvo tous, nouvo konjesyon nazal oswa nen k ap koule pou premye fwa, nouvo sansasyon kote ou pèdi kapasite pou pran odè oswa pou pran gou, souf kout</p>	<p>Itilize COVID PASS jan w itilize l nòmalman.</p>	<p>Ou paka travay sou plas pandan evalyasyon sa a ap fèt.</p>